Pou Piblikasyon Imedya: 26/06/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINANSMAN 45.9 MILYON DOLA KI DISPONIB POU DEVLOPE PLIS INITE LOJMAN SIPÒ ADISYONÈL NAN TOUT ETA A

Dizyèm faz finansman Inisyativ Lojman Sipò Empire State la pral ede Nouyòkè k ap fè eksperyans sanzabri

Inite lojman ki deziyen pou veteran, moun ki gen maladi mantal grav oswa pwoblèm itilizasyon sibstans, sivivan vyolans domestik ak adilt ki pi aje ki gen andikap yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite 45.9 milyon dola atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI), ki finanse sèvis sipò pou ede bay lojman ki estab pou Nouyòkè ki sanzabri yo. Finansman disponib pou sipòte plizyè santèn inite adisyonèl ki sèvi adilt ki sanzabri, sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks, veteran, fanmi ak moun ki sanzabri depi lontan, epi moun k ap viv ak maladi mantal oswa yon pwoblèm itilizasyon sibstans.

"Pou moun ki sanzabri, sèvis sipò ak yon kay ki estab kapab chanje lavi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ Lojman Sipò Empire State la kontinye ede moun yo jwenn sipò epi rekipere apre defi nan yon anviwònman ki an sekirite."

ESSHI bay finansman fonksyònman pou founisè sèvis sipò yo k ap sèvi veteran ki sanzabri ansanm ak fanmi yo; viktim vyolans domestik yo ak vyolans ki baze sou sèks; granmoun aje ki gen andikap oswa frajil yo; jèn adilt ki gen istorik nan prizon, sitiyasyon sanzabri oswa fanmi dakèy yo; fanmi ak moun ki nan sitiyasyon sanzabri kwonik yo; moun ki gen andikap entelektyèl oswa devlòpmantal yo; moun k ap retounen nan kominote a apre yo soti nan prizon; ak moun ki ap viv ak VIH oswa SIDA, maladi mantal ki grav oswa twoub toksikomani yo. Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a sèvi antanke ajans apwovizyònman prensipal pou finansman an, ki dispèse pa mwayen yon gwoup travay entè-ajans ki gen uit ajans Eta k ap sèvi Nouyòkè ki vilnerab yo.

Bidjè Gouvènè Hochul pou ane fiskal 2027 la kontinye ogmantasyon 53 pousan nan finansman Gouvènè Hochul pou ane fiskal 2026 la pou inisyativ la, sa ki pèmèt pwojè yo aplike pou jiska 34,000 dola pou chak inite oswa moun ki kalifye chak ane nan zòn metwopoliten Vil Nouyòk la, ki enkli senk minisipalite vil la, ansanm ak konte Suffolk,

Nassau, Westchester, Rockland ak Putnam. Devlopman nan lòt zòn nan eta a kalifye pou jiska 31,000 dola chak ane pa inite oswa moun ki kalifye.

Ogmantasyon finansman sa a te lakòz **200 prim kondisyonèl** pou pwojè nan tout eta a — pi gwo kantite inisyativ la te janm bay — ki gen ladan 54 pwojè nan Vil Nouyòk, 21 pwojè nan Long Island ak 126 pwojè nan zòn ki nan nò zòn metwopolitèn nan. Jiska prezan, Eta Nouyòk angaje l pou konstwi **11,657 inite lojman ki an sekirite** e pèmanan kòm yon pati nan Inisyativ Lojman Sipò Empire State la ki te lanse an 2016.

Finansman an ka itilize pou asistans lwaye ak sèvis pou popilasyon sib ki kalifye yo pou asire estabilite lojman yo. Itilizasyon ki otorize yo gen ladan sibvansyon lwaye ak lòt depans okipasyon; sèvis oswa anplwaye pou idantifye epi lokalize moun ki kalifye ki bezwen lojman; sèvis sante regilye ak sante konpòtmantal; fòmasyon pwofesyonèl ak travay; asistans pou edikasyon, devlopman konpetans ak sipò pou paran; asistans oryantasyon pou swen timoun ak entèvansyon pou kriz; sèvis pou timoun, ki enkli defans edikatif, sipò ak oryantasyon; ak depans ki asosye ak sèvis ki ede moun ak fanmi yo rete loje yon fason estab.

Rechèch yo montre ke lojman ki bay sipò pèmanan diminye demann pou abri, kabann lopital, sal ijans, prizon ak sant detansyon, anplis sa gen efè pozitif sou travay, prezans nan lekòl ak byennèt mantal ak fizik. Pwojè lojman ki bay sipò yo ka afekte katye yo pozitivman atravè nouvo konstriksyon oswa nan reparasyon bilding ki egziste yo.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) nan Eta Nouyòk, te deklare, "Kenbe yon lojman diy epi ki estab epi jwenn aksè ak sèvis sipò se yon aspè enpòtan nan rekiperasyon pou moun k ap viv ak maladi mantal ak lòt defi. Inisyativ Lojman Sipò Empire State la te bay koneksyon esansyèl sa yo pou plizyè milye Nouyòkè, sa ki reflete angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou pèmèt tout rezidan yo viv epi pwospere nan kominote yo a."

Komisè Sante Eta Nouyòk, Doktè James McDonald, te deklare, "Chak moun merite yon kote ki an sekirite pou yo rele lakay yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou elaji lojman sipò atravè Nouyòk. Yon lojman ki estab esansyèl pou yon bon sante, epi envestisman sa a pral ede kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo jwenn aksè ak sipò ak sèvis yo bezwen pou yo viv yon lavi ki pi an sante e ki pi an sekirite."

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance), Barbara C. Guinn, te deklare, "Moun k ap fè fas ak pwoblèm sanzabri souvan rankontre defi ki kapab bloke anpil kapasite yo pou yo jwenn ak kenbe yon lojman ki stab. Lojman sipò diminye pwoblèm moun ki sanzabri lè li pèmèt moun jwenn epi kenbe yon lojman grasa konbinezon lojman abòdab ak sèvis solid. Gouvènè Hochul rekonèt pouvwa Inisyativ Lojman Sipò Empire State la kòm yon eleman esansyèl nan efò nou yo pou diminye sitiyasyon moun ki pa gen kay epi bay nouvo espwa ak opòtinite pou kèk nan konpatriyòt Nouyòkè nou yo ki pi vilnerab yo."

Komisè Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote (Division of Homes and Community Renewal) Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Nan Nouyòk, nou fyè dèske nou ede moun ki nan bezwen epi ogmante kantite kay abòdab ki disponib. Pou moun ki pa gen kay epi ki bezwen sèvis sipò, jwenn yon lojman ki estab kapab patikilyèman difisil. Nou vrèman rekonesan ke Gouvènè Hochul ap travay pou retire baryè sa yo lè li envesti nan Inisyativ Lojman Sipò Empire State la. Angajman 46 milyon dola sa a ede asire ke envestisman lojman istorik Nouyòk yo ap enklizif pou tout moun, kèlkeswa sikonstans yo."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans (Office of Addiction Services and Supports) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Envestisman tankou sa a sipòte moun ki bezwen èd siplemantè pou lojman akòz bagay tankou pwoblèm abi sibstans, ki ka yon pati enpòtan nan rekiperasyon yo. Gouvènè Hochul te fè li yon priyorite pou elaji opsyon lojman atravè eta a, epi asire tout Nouyòkè yo gen yon kote ki an sekirite pou yo rele lakay yo. Nou rekonesan pou sipò kontinyèl sa a epi nou pa ka tann plis ekspansyon nan opsyon lojman sipò nan kominote yo atravè eta a."

Komisè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantal nan Eta Nouyòk la (Office for People With Developmental Disabilities), Willow Baer, te deklare, "Nouyòkè ki andikape yo merite aksè a lojman sipò abòdab e an sekirite ki ka fè yon vrè diferans nan byennèt sosyal ak fizik yo. Envestisman Gouvènè Hochul nan Inisyativ Lojman Sipò Empire State la ap bay plis pase jis finansman; li bay moun opòtinite pou yo viv avèk diyite ak enklizyon nan kominote yo."

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik nan Eta Nouyòk la, Kelli Nicholas Owens, te deklare, "Lojman ki an sekirite e ki stab esansyèl pou sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks. Twò souvan, moun ki viktim yo twouve yo devan yon chwa ki enposib: swa yo rete nan yon sitiyasyon kote y ap sibi abi, swa yo riske rete sanzabri. Inisyativ Lojman Sipò Empire State la ede konekte sivivan yo ak lojman ak sèvis esansyèl, tankou konsèy, jesyon ka ak lòt sipò ki ankouraje sekirite, estabilite ak gerizon alontèm. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou elaji resous vital sa yo pou Nouyòkè yo."

Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services) Eta Nouyòk Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare, "Lojman sipò retabli diyite ak espwa pou moun ki travèse moman difisil epi ki ap lite pou jwenn lojman. Mwen wè kijan pwojè tankou sa yo transfòme lavi anpil Nouyòkè, sitou jèn ki pa gen lojman ki fin vyeyi epi ki pa nan sistèm adopsyon oswa k ap lite ak pwoblèm sante mantal. Envestisman Gouvènè Hochul nan Inisyativ Lojman Sipò Empire State la demontre angajman li pou enkli tout Nouyòkè yo nan ajanda abòdablite li a. Mwen fyè dèske li kontinye envesti resous ki ankouraje byennèt fizik, mantal, sikolojik ak ekonomik Nouyòkè ki pi vilnerab yo."

Senatè Eta, Samra G. Brouk, te deklare, "Tout Nouyòkè merite aksè ak yon lojman ki an sekirite, estab epi ki respekte dinite yo. Lojman sipò se yon poto mitan yon sistèm sante mantal solid, epi li konekte moun yo ak sèvis yo bezwen tout pandan l ap bay

estabilite ki fè gerizon an posib. Envestisman sa a atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State la pral elaji aksè ak lojman ak sèvis sipò pou Nouyòkè ki sanzabri yo, k ap viv ak maladi mantal oswa twoub abi sibstans, sivivan vyolans, veteran, ak lòt kominote vilnerab yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li kontinye bay priyorite ak lojman sipò, epi mwen anvi travay ansanm pou asire ke chak Nouyòkè gen opòtinite pou viv avèk estabilite, diyite ak espwa."

Direktè Egzekitf Rezo Lojman ki Bay Sipò nan Nouyòk (Supportive Housing Network of New York), Pascale Leone, te deklare, "Lojman sipò se youn nan zouti ki pi efikas nou genyen pou adrese pwoblèm sanzabri paske li konbine lojman ki estab e abòdab ak sèvis moun bezwen pou yo reyisi. Nouvo faz finansman ESSHI sa a, ki te vin posib grasa envestisman istorik Gouvènè Hochul nan pwogram nan, pral ede mete plizyè santèn inite lojman sipò anliy epi asire ke founisè yo gen resous pou bay sèvis esansyèl ki fè kay sa yo reyisi. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan lejislati a paske yo rekonèt ke envestisman nan lojman sipò kreye solisyon dirab pou moun ki sanzabri nan tout Nouyòk."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU